
InfoVIHtal
INFORMACIÓN BÁSICA SOBRE EL VIH

ATOUME 2023
WOLOF

# Lébones ak deugueux (II)

**Beury na torape lou gnouye wakhe si diangoro VIH al Sida té dou deugueu wala dina indy dioumté. Si kheuyite bi, dina gnou la chi dimbeulé banga meuna ragné liye deugueux aks lépes.**






## Lépe
**Di wakhené nites gni amé diangor VIH, sa bounou seyé, dinagnoula waleu séne diangoro.**

## Liye deugueu
**Risk waleuleu diangoro dji, migui déss si yones you beurri. Wanté dou deugueu, wakhné sa bo seyé té diefeundiko wo kawasse, dinko waleu nite.**
Walanté ko, mi ngui teukou si lou beurri, dichi yo amna ayes matouwayes yo khamné boko dieulé dina ko wagni mba mou diékhale risk walanté diangor VIH, lou mélni dieufeundiko kawasse wala nane garabe bi la chiye are boye wadja séye wala bou seyé ak kou amé diangorodji. Dila fatali né ki amé diangorodji, boudé domou diangorodji fégnoule si yaramame ndakhe mi ngui dieule garabe gui bou bakhe, dou ame risk mou waleuleu diangoro dji.



## Lépe
**Di wakhnane garrabes yiyes khékhes domou diangorodji, lignouye yakhes mo eupe lignouye défares.**


## Liye deugueu
**Mo doule dieule garabe ngui khékhe domou diangordji, nites gni amé VIH, séne fébar dina gueuna méti, té dina gnou agueu si diangoro SIDA ba gnake séne bakane**
Boudé ya ngui dieule sa garabe ni mou waré, dina la maye nga ame doundou gou mouche si ayibe bou goudou té ande ak wérgou yarame. Si lou chi beurri, liguaye yéke si sa yarame si ndieulbéne bi, si ayes wéres you touti, mou diékhe té douleu indile béne diafé diafé si kaname. Gniye nane garabe guiye khékhe domou diangoro dji, séne doctor dina léne di topou di thiaytou séne wérgu yarame.



## Lépe
**Di wakhnane di dieule ak garabe you layes diokhe vitamine wala di dieule ayes soungouff dinagnoula arales a ´wergu yarame si diangoro dji come garabe yi koye khékhe.**

## Liye deugueu
**Di dieule ak garabe you ande ak vitamnine wala ayes soungouff, meune nala dimbeulé si sa wérgu yarame, wanté meunou gno khékhe diangoro VIH té tamite meunou gnoko teyé badou ague fépeu si sa yarame.**
Li wore té lére, agarbes yiyes khékhe diangoro VIH, gnome léke gno wéreule né meune nano teunke diangoro dji badou tasse si sa bire yarame. Di chi yoke, amna ayes soungouff yo khamné, meunano takhe, garabe yiyes khékhe diangoro dji, dounou ame dolé dji gnou wara ame. Lou mélni, meunano wagni garabe nguiye agueu si sa déréte, lolou takhe garabe biye khékhe diangoro VIH dou ame dolé dji mou wara ame.

# Lébones ak deugueux (II)




## Lépe

**Do meuna ame diangoroye VIH boudé ya ngui si négou séye wala danga ame ko nékale té yéme si mome léke.**

## Liye deugueu

**Métina torope, wantés amna ayes, milionis nite dnou néke si négou séye wala gnou néke ak béne nite léke si ates you beurri té amnanou diangoro VIH.**
Liye indili lolou, moye, kéne si gniye séye, daffa amone domou diangoroye VIH si yaramame bala mouye dougou si négou séye. Dina ame tamite si nites gniye néke, andeu come gnouye séye, té kéne si gnome di ande di séye ak kénéne si biti té dou dieule aye matouwaye you koye mousseule si diangoro dji.





## Lépe

**Boudé mane, damaye séye léke akes nites gni amé awra bou outé ak sama bosse, douma meuna ame diangoro VIH.**

## Liye deugueu

**Nites gnou beurri daño yakare né diangoro VIH, ngor djiguéne gni ak gniye dieule khétoy sinébar si pikirou, li nou wara khame moye diangoro VIH dounou ko walanté léke ndakhe daño bokou si groupe bi, li takhe gnou koye walanté moye dokhaline bou ame ayes risks bou nites gni di ames.**
Diangor VIH meune nanou ko walanté diguenté gore ak djiguéne, djiguéne ak gore boudé séna ngui séye té dieuloléne aye matouwayes, té kéne si gnome aména diangoro VIH bolé chi domou diangoro dji si fégne si dérétame. Di chi yoke, si adouna, nite gni chi eupe si gni amé diangoro VIH, gniye séye akes gnou amé awra bou outés ak séne bosse, gno si eupeu.




## Lépe

**Di wakhenane amna ayes déffar katou garabe si adouna bi, amnanou garabe bouye fagne VIH, danou ko bagna guéné pour bagna niak khalisse.**

## Liye deugueu

**Amoul béne déffar katou garabe bou amé garabe biye fache diangoro VIH bamou diékhe si yarame.**
Amna isine you beurri youye déffar garabe bi khoye khékhe pour weurko dombo, kheucho bi beurri torape si gnome. Bou amone kou ko chi guisse li koye fache bamou diékhe, dina ko diaye, ndakhe lolou done nako indile khalisse boudoule diékhe ak gni mou bokale langue gui. Thgieytou si garabe gui beu légui mi ngui dokhe.

Amna pachi mo khamné si kéyiye bi, mi ngui diogué si kéyitou khibar bou thiossano NAM, di mbotaye bou woutoule alale si VIH, té séne keur nék feulé si Royaume Unis. **Liguéyou téki bi gnouye déffe, wa mbotayou NAM gno ko diokhé.**

grupo de trabajo sobre tratamientos del VIH
ENTIDAD DECLARADA DE UTILIDAD PÚBLICA
ONG DE DESARROLLO

¿TIENES DUDAS SOBRE EL TEMA? PREGÚNTANOS
Tel. 93 458 26 41

**Descargo de responsabilidad**
La información contenida en esta ficha no pretende sustituir la recibida por el médico. Las decisiones referentes a la salud siempre deberían tomarse tras consultar con los profesionales sanitarios. La información médica puede quedar desactualizada con rapidez.
Si te surge alguna pregunta tras leer esta ficha, te aconsejamos hablar con tu médico o enfermera o llamar a gTt-VIH, al 93 458 26 41, para comprobar si existe alguna novedad relevante al respecto.

SUBVENCIONA
GOBIERNO DE ESPAÑA · MINISTERIO DE DERECHOS SOCIALES Y AGENDA 2030
POR SOLIDARIDAD OTROS FINES DE INTERÉS SOCIAL
MINISTERIO DE SANIDAD · SECRETARÍA DE ESTADO DE SANIDAD · DIRECCIÓN GENERAL DE SALUD PÚBLICA · DIVISIÓN DE CONTROL DE VIH, ITS, HEPATITIS VIRALES Y TUBERCULOSIS
Generalitat de Catalunya
Salut/ Agència de Salut Pública de Catalunya
Diputació Barcelona | Àrea d'Igualtat i Sostenibilitat Social
Ajuntament de Barcelona
COLABORA
ETIS Equip de treball sobre immigració i salut
Vall d'Hebron Barcelona Campus Hospitalari
eSPiC Equip de salut pública i comunitaria

www.gtt-vih.org

SI TE HA PARECIDO ÚTIL Y INTERESANTE EL CONTENIDO, COMPÁRTELO.